

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Di masarakat Sunda, sagala hal timimiti lahir nepi ka maot diatur ku aturan-aturan anu nyampak di masarakat anu sungapanana tina tradisi. Ieu aturan-aturan téh ngajangélék dina wangun upacara adat. Upacara adat nu aya di masarakat Sunda kabagi opat, nya éta nu aya patalina jeung tatanén, lalakon hirup (daur hidup), alam, jeung religi. Upacara salametan solokan mangrupa bagian tina upacara anu aya patalina jeung alam. Dina éta upacara, aturan-aturanana di tepikeun ngaliwatan simbol-simbol anu miboga fungsi sarta kudu di tedunan tur dilaksanakeun sacara teleb. Éta simbol-simbol téh nyampak dina hal-hal anu aya patula-patalina jeung upacara, di antarana pakakas atawa kalengkepan upacara, kajadian dina upacara, omongan (do'a) nu dibaca dina upacara, waktu upacara, tempat upacara, jeung jalma nu mingpin sarta kalibet dina upacara.

Upacara Salametan Solokan nu diayakeun di Kampung Cirateun dilaksanakeun tanggal 08 Juni 2008. Upacara dimimitian jam 07.00 isuk-isuk. Anapon susunan acarana ngawengku arak-arakan pakakas Éyang, diteruskeun upacara inti nya éta salametan (corsén), tuluy ngibingkeun pakakas Éyang nu di pirig ku ketuk tilu buhun, anu pamungkas nya éta balakecrakan jeung ngibing sakabéh warga masarakat sarta tamu uleman.

Dina ieu panalungtikan kapanggih aya 47 simbol nu boga fungsi penting,

hartina 47 simbol ieu kudu aya dina runtuyan upacara salametan. Tina 47 simbol, 36 simbol aya dina kalengkepan upacara, opat aya dina paripolah nalika upacara, tujuh sésana aya dina tempat jeung waktu upacara.

5.2. Saran

Nalungtik upacara tradisi loba pisan mangpaatna pikeun panyusun. Dipiharep hasil panalungtikan ieu bisa ngeuyeuban kajembaran tradisi-tradisi anu aya di tatar Sunda hususna upacara ritual jeung bisa nambahan pangaweruh dina mata kuliah Kajian Budaya Sunda. Panyusun ngarasa panalungtikan ieu jauh kénéh kana kasampurnaan, atuh kacida hadéan upama garapan samodél kieu dituluykeun deui kalawan leuwih nyoko tur écés dina ngabéjér béaskeunana. Widang garapanana leuwih dihususkeun deui sangkan leuwih teleb dina nalungtik jeung sugema dina hasilna.

